
LKPD

Bahasa Sunda
Lawungan Kadua

TRADISI: PARIBASA



Eva Dewi
Nurlatifah,S.Pd

LIVEWORKSHEETS

TUJUAN PEMBELAJARAN

2. Memahami peribahasa Sunda yang menggunakan perbandingan hewan dan tumbuhan.



2.1 Menyebutkan arti minimal lima peribahasa Sunda.

LIVEWORKSHEETS

PERTANYAAN PEMANTIK

Naha hidep geus apal naon ari paribasa téh?

Naon waé cik conto paribasa anu ku hidep dipikanyaho?

Iraha hidep kungsi diajar paribasa?

LIVEWORKSHEETS

HAYU REGEPKEUN HEULA MATÉRINA...



LIVEWORKSHEETS

2. Menyimak

Peribahasa

"Dina geus ngahijina ngawangun rumah tangga, antara salaki jeung pamajikan téh kudu ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak, maksudna kudu hirup babarengan jeung sauyunan salilana.

Dina sempalan kalimah di luhur, aya ungkara "Ka cai jadi saleuwi ka darat jadi salebak". éta ungkara téh mangrupa salasahiji conto tina paribasa anu hartina hirup sauyunan salilana. Ieu pariasa ngagunakeun babandingan tina alam nyaéta leuwi jeung lebak.

LIVEWORKSHEETS

Hayu urang diajar paribasa

KELOMPOK 1

1. Ngaliarakeun taleus ateul.
2. Nulungan anjing kadempét.
3. Cukup belengur baraganaya.

KELOMPOK 2

1. Lamun diarah supana kudu dipiara catangna.
2. Uncal tara ridueun ku tanduk.
3. Moro julang, ngaleupaskeun peusing.

KELOMPOK 3

1. Awi sadapuran tara lempeng kabéh,
2. monyét dibéré séséngkéd.
3. halodo sataun lantis ku hujan sapoé.



LIVEWORKSHEETS

Hayu urang diajar paribasa

KELOMPOK 4

1. Ka luhur henteu sirungan, ka handap henteu akaran.
2. kawas jelér kasaatan.
3. Aya nu dianjing cai

KELOMPOK 5

1. Tungkul ka jukut tanggah ka sadapan.
2. Nyiar hurang meunang kancra.
3. Sadom araning baraja sakunang araning geni.



LIVEWORKSHEETS

Conto paguneman

KELOMPOK 1
Uncal tara ridueun ku tanduk
A: "Harta banda mah matak beurat mawana, komo lamun loba."
B: "Beda jeung nu loba elmu, tara tepi ka matak beurat mawana."
A: "Apan ceuk paribasa ge uncal tara ridueun ku tanduk."
B: "Enya, elmu mah teu matak beurat mawana."

KELOMPOK 2
Monyet dibere sesengked
A: "Ti bareto ge geus kanyahoan yen manehna teh jalma teu jujur."
B: "Ari kitu, ayeuna kumaha eta jelema teh."
A: "Cenah mah rek diangkat jadi ketua koperasi."
B: "Atuh sarua wae jeung monyet dibere sesengked mun kitu mah."

KELOMPOK 3
Nulungan anjing kadempet
A: "Boro-boro nganuhunkeun, da ieu mah kalah ngarugikeun ka nu nulungan teh."
B: "Atuh sarua jeung nulungan anjing kadempet."
A: "Puguh enya, Tapi ah keun bae, da kuring mah niatna ge hade."
B: "Enya, sanggakeun we ka Gusti Alloh Anu Maha Adil."



LIVEWORKSHEETS

Conto paguneman

KELOMPOK 4

Tungkul ka jukut tanggah ka sadapan

A: "Hirup di masarakat mah ulah sok aneh-aneh kudu akur jeung kabiasaan umum."

B: "Enya, apan urang teh kudu tungkul ka jukut tanggah ka sadapan."

A: "Lamun urang beda ti batur, engkena sok jadi bahan omongan."

B: "Jeung matak cape we ka urang na ge deuih."

KELOMPOK 5

Ka luhur henteu sirungan, ka handap henteu akaran

A: "Kudu hadé ka indung-bapa, ulah sok nganyerikeun, boh dina omongan boh dina kalakuan."

B: "Jalma anu kitu mah biasana gé ka luhur henteu sirungan kanhandap henteu akaran."

A: "Enya, hirupna tara jamuga ti keur di dunya kénéh.

B: "Sabalikna, lamun urang hadé ka indung-bapa hirup téh bakal salamet.

LIVEWORKSHEETS

Minggu hareup urang bakal diajar ngalarapkeun paribasa dina paguneman jeung dina kalimah. Pancén hidep di imah nyaéta nyieun paguneman anu di jerona aya paribasa dumasar kana paribasa kelompok séwang-séwangan. Pagunemanna dijieun dina basa Sunda heula.

LIVEWORKSHEETS